

# Pawòl Koyeditè yo

Lucile Charles et Marlène Rateau

Nan kad selebrasyon 40 lane depi òganizasyon ki rele «*Ralliement des infirmières et infirmières auxiliaires haïtiennes de Montréal* (RIIAHM),» egziste, chèf editè piblikasyon *Haïti Perspectives*, pwofesè Samuel Pierre, te gen jantiyès bay asosyasyon sa a okazyon pou li pran lapawòl nan espas espesyal sa a. Nou ap remèsye li ansanm ak tout ekip ki ap dirije piblikasyon sa a.

Anpil fwa, yo di ou vin granmoun lè ou rive gen 40 lane: diferan eksperyans yon moun fè, echèk li jwenn, epi pou li leve kanpe, aksyon estwòdinè li reyalize sou wout li, tout bagay sa yo kontribye pou nou vin genyen yon sèten asirans lakay nou, ki pèmèt nou devlope potansyèl nou pi byen. Si sa se laverite pou majorite moun ki ap viv akote nou, se yon verite tou pou yon òganizasyon tankou «*Ralliement des infirmières et infirmières auxiliaires haïtiennes de Montréal* (RIIAHM)». Apre tout ane sa yo depi li egziste, gwoup pwofesyonèl sa a fin fè prèv li; li pase bon moman ak move moman, men, an jeneral, aktivite li nan kominote Monreyal la bay plizyè rezilta enpòtan. Òganizasyon an rive nan yon nivo, kote okazyon piblikasyon *Haïti Perspectives* ba li a pa te ka rive nan yon pi bon moman, paske sa pèmèt li fè yon bilan sou sa ki fèt anvan, egzamine sityasyon manm li yo nan jounen jodi a, men sitou, sa pèmèt li fè pwofesyonèl sou lavni pandan li ap kontinye bati rapò li ak peyi kote li soti a. Se pi bèl kado li te ka bay tèt li nan kondisyon sa a.

An nou fè yon ti refleksyon sou sa ki nan apèl pou kontribisyon ki nan nimewo sa a. Se sou li tout tèks ki rive jwenn nou yo chita: «Byen viv ak lasante: Enfimiyè ayisyen nan Kebèk ak Ayiti». Èske sa pa chofe kè moun epi ba yo lespwa lè yo wè, kit se pa bò isit, kit se Ayiti, pwofesyonèl sa yo mete tèt yo ansanm pou yo analize pwoblèm lasante yo epi defini yon objektif byen presi ki se: pwopoze kad ki pou rezoud yo? Peyi nou an, Ayiti, tèlman bezwen yon sistèm lasante ki kapab rezoud pwoblèm popilasyon an, sa vin jistifye jefò sa yo nèt ale.

Nan seksyon analiz la, prezidan RIIAHM lan, **Maud Pierre-Pierre**, fè nou viv yon istwa ki rich ak aksyon, nan deskripsyon evolisyon òganizasyon an. Li souliyen diferan etap òganizasyon li ap dirije jodi a pase pandan 40 lane li yo, tou sa nan yon tablo ki prezante kantite aksyon ki reyalize pandan eksperyans migrasyon manm li yo ak diferan mouvman migrasyon Ayisyen nan Monreyal. Se te faz ki pi enpòtan, epi ki demontre detèminasyon enfimiyè yo pou yo ede kominote yo takle pwoblèm asimilasyon nan sosyete Kebèk la, san nou pa bliye jan yo rete konekte ak peyi natif natal yo a. Pandan tout lane sa yo, se koneksyon sa a, ki fè yo toujou chache pote kontribisyon yo nan peryòd kriz ki gen repèkasyon dirèk sou sante mantal ak fizik popilasyon ki pi pòv nan peyi Ayiti a epi ki ap viv nan ti kominote, kote aksè a difisil.

Prezidan Asosyasyon nasyonal enfimiyè fi epi enfimiyè gason ayisyen ki gen lisans yo (ANIILH an franse), **Lucile Charles**, yonn nan manm fondatè RIIAHM, fè nou reviv tan lontan, lè yo te fèk koumanse ap bay laswenyay nan lemond; li pataje ak nou evolusyon domèn sa a depi nan Antikite rive jouk jounen jodi a. Depi tan lontan sa yo, rive jouk sou Florence Nightingale ki te detèmine estrikti baz ki pou te pèmèt enfimiyè yo bay laswenyay, yo te konsidere bay malad yo swen, se te fè zè. Se apati travay Florence Nightingale, swen sa yo vin jwenn jarèt, sitou paske li te konnen kijan pou li entegre yo nan yon kad syantifik. Se sou direksyon li premye enstitisyon fòmasyon nan swen enfimiyè parèt. Nan jounen jodi a, pwogrès teknolojik ak rechèch kontribye pou amilyore estrikti lasante piblik nan anpil peyi. Malerezman, malgre Ayiti entegre byen bonè prensip lasante ki pou fè pwomosyon swen enfimiyè yo, nan koumansman syèk la, li byen anreta nan jan li bay popilasyon li an laswenyay. Gen plizyè rezon ki esplike sityasyon regretab sa a epi pami yo, fòk nou site enpòtan limite desidè yo bay lasyans enfimiyè. Nou gen prèv la nan fòmasyon diferan gwoup etidyan ki suiv yon kourikoulòm degrenngòch, absans regleman ki pou jere enstitisyon ansèyman yo epi anfen, defisi sistèm lan. Tout faktè sa yo devan je tout moun. Anplis, an nou mansyone tou sityasyon delala nou jwenn nan majorite klinik laswenyay yo nan vil yo tankou nan pwovens yo. Batay ANIILH ap mennen pou pwofesyonnalize kondisyon manm li yo, jwenn blokay ki vin lakòz yon seri reta, ki fè diferan gouvènman yo pa kapab apresye ki kantite rezilta pozitif yo ta kapab jwenn nan amelyorasyon kalite swen yo si pwofesyon enfimiyè a te reglemante. Se batay sa a ANIILH ap mennen depi lontan epi se pou sa li ap chache sipò ki pou ba li plis jarèt.

Kaye espesyal sa a gen ladan yon seri tèks ki dekri kouman ANIILH sipòte, ak tout fòs li, batay pou mete sou pye yon asosyasyon enfimiyè gason ayisyen. Lide sa a soti nan Asosyasyon enfimiyè fanm ak gason nan Kebèk (OIIQ). Enstitisyon enpòtan sa a deklare, dapre pawòl prezidan li, **Lucie Tremblay**, asosyasyon pwofesyonèl yo reprezante «*yon garanti sèvis kalite pou popilasyon yo*». Lucie Tremblay souliyen konsekans grav ki rive lè pa gen yon mekanis pou pwoteksyon piblik la; pou OIIQ, lè sa pa egziste, popilasyon an ka resevwa sévis nan men moun ki pa gen konpetans pou sa. Li rapousuiv pou li demontre kouman yo ka rive enstale yon asosyasyon pwofesyonèl: pouvwwa lejislatif yon Leta nesèsè pou deklannche yon pwosesis ki pou pèmèt yo mete kanpe yon mekanis enpòtan konsa.

Dapre **Wilmina Détournel**, yon enfimiyè ki ap pratike pwofesyon li nan Kebèk, epi ki ap batay pou pwogrès swen enfimiyè yo nan peyi Ayiti, fòk gen pi plis aksyon ki fèt anndan peyi a pou moun ki nan domèn lasante yo rive respekte nòm entènasyonal ki pi ba yo nan domèn lan. Dapre Wilmina Détournel, se pa senpman fòm moun

pou yo vin enfimye, memn lè sa enpòtan anpil; nou dwe vize yon pratik wo nivo nan fòmasyon kategori pwofesyonèl sa yo. Se sa ki ap pèmèt yo leve tout kalite defi nan diferan espas, kote yo ap travay. Daprè Wilmina Détournet toujou, jan sistèm lasante a ye nan peyi a, fòk nou mete plis konesans sou enfimye ki ap travay nan peyi a apati wòl wo nivo nou ap ba yo, pandan nou ap mete bon jan konesans sou yo. Wilmina Détournet kontinye pou li di, si nou ogmante kantite enfimye yo, epi ba yo bon jan konesans wo nivo, si nou ogmante kantite moun konpetan ki genyen nan sektè paramedikal la, nou pral kab bay bon jan swen lasante nan peyi a ki ap tann sa kou tè sèk ki bezwen lapli.

**Arnelle Julien** epi **Vardine Jean-Baptiste** ale nan menm sans avèk Wilmina Détournet. Yo di, apre enfimye yo fin diplome, depi yo kapab, fòk yo genyen yon fòmasyon espesyalize. Daprè de (2) moun sa yo, enfimye yo se nanm sistèm lasante. Pyès moun pa dwe neglije wòl yo genyen nan domèn lan. Nan tout nivo ki genyen nan branch enfimye a, nou ta dwe jwenn, anndan sistèm lasante a, enfimye ki espesyalize nan domèn rechèch, nan jesyon, nan perinatalite ... De (2) moun sa yo ale pi lwen ak lide yo a lè yo di, enfimye yo pa sasti fè ankò ak travay senp ekzekitan yo vle kontinye ba yo fè a. Lè enfimye yo genyen bon jan konesans, yo kab fè yon sipèb travay laswenyay pou tout moun nan popilasyon an, yo ap sèvi yo. Se yon apwòch ki enteresan anpil, paske de (2) enfimye sa yo, gras ak fòmasyon yo genyen an, yo se bon jan temwen travay, yomenm epi lòt enfimye parèy yo kapab fè nan peyi Ayiti, menm lè se pa toujou nan kondisyon ideyal yo.

Nan lòt peyi sou latè, men, prensipalman nan peyi, kote resous ki ekziste pou lasante yo limite, maladi mantal pa yon priorite pou moun ki responsab òganizasyon swen lasante yo. Nonsèlman, lasante mantal pa konsidere tankou yon eleman enpòtan pami swen nou dwe bay yo, men tou, sosyete a rejte moun ki ap soufri anba maladi mantal yo. **Yvrose Amazan** ak **Marie-Luce Ambroise** prezante yon apwòch tou nèf, yo devlope nan Monreyal epi nou kab adapte an Ayiti, daprè yo, pou konbat estigmatizasyon maladi mantal. Domèn atizay, ki rele teyat la, nan fason kèk moun wè li epi aplike li, kapab ede nan pwosesis gerizon moun malad ansanm moun ki pwòch yo epi entèvenan yo nan anviwonman an. Apati yon eksperyans ki fèt nan Kebèk, epi otè yo ki ekri atik la kwè ki valab, paske yo te patisipe ladan epi yo te wè avantaj li, otè yo kwè, nan eta aktyèl swen pou lasante nan peyi a, sistèm sante Ayiti a

kapab kopye sou modèl teyat la nan fason sa a, pou byennèt moun ki gen pwoblèm ak sante mantal yo nan peyi a, tankou sa fèt Kebèk.

Pèsonn pa dwe bliye kriz sida a ki te frape kominote ayisyen Monreyal la fò anpil, nan ane 1980 yo, apre yon deklarasyon enjis Lakwa Wouj Kanada, ki te fè anpil bri. Manm kominote ayisyen an te reponn rapidman epi RIIAHM te montre sa li peze. Madam **Viviane Namaste**, pwofesè titilè, ki genyen yon pòs responsab rechèch sou VIH/sida epi sante seksyèl nan *Université Concordia*, te aksepte pou li ekri yon atik nan nimewo espesyal sa a. Gen yon pati nan pwojè rechèch li a, ki chita espesifikman sou wòl enfimye Ayisyen yo te jwe anba labanyè asosyasyon enfimye a depi premye moman kriz la te eklate a. Nou aprann, etid sa a te pèmèt otè a montre «*kokennchenn kontribisyon enfimye ayisyen yo nan Monreyal, yon fason pou tout moun konnen ki jan enfimye ayisyen yo te jwe yon wòl kle pou yo chanje sistèm lasante a nan peyi Ayiti*». Devan konsta sa a, pwofesè a te deklare, enfimye yo reprezante lespwa lè pou genyen chanjman nan sistèm lasante a. Pakonsekan, wòl yo kab esansyèl pou Ayiti.

## KONKLIZYON

Lè nou li atik ki nan nimewo espesyal *Haïti Perspectives* sa a, nou gen tandans kwè, nou pa kab pèdi lespwa, malgre tout deriv politik, ekonomik epi sosyal ki ap fèt anndan peyi a. Si nou rive rasanble ansanm tout fòs aktif ki anndan peyi a, anvan lontan, nou va rive netwaye tout devann ki anpeche peyi a rantre nan modènite. Pa gen manti nan sa, sistèm lasante anndan peyi a malad anpil. Men, nou dwe tann konbit piti peyi a, ki ap viv aletranje yo ak sila yo ki ap viv anndan peyi a, yon konbit, elas, nou ap tann depi twò lontan. Epitou, kouman fè pou gwo chantye travay sa a ta kite pwofesyonèl lasante yo, kou enfimye yo, deyò? Dayè, yo toujou montre devouman yo nan divès fason, sans responsablite yo, detèminasyon yo pou yon angajman sosyal nan diferan nivo. Yon bon ajisteman nan sistèm lasante Ayiti a sou yon baz pi estab ta kab, san dout, yon sous asistans pou tout moun nan peyi a. Yo di li nan divès fason epi nan tout okazyon: Depi nou gen lasante, jeneralman, tout rès la ap rantre nan lòd.

Pou nou fini, nou dwe souliye travay benevòl tout moun ki ekri atik ki parèt nan nimewo sa a, ki dedye pou 40 lane ekzistans RIIAHM. Nou ap selebre sipèb jenerozite yo epi nou ap di yo mèsi pou patisipasyon yo nan pwojè piblikasyon sa a. Nou ap pwofite pou nou di komite editoryal la mèsi. Revizyon yo fè nan tèks yo anbeli travay la tout bon. ■

**Marlène Rateau, M.A.** fé karyè li kòm pwofesè nan branch enfimye. Il genyen yon Bakaloreya espesyalize nan relasyon imèn nan *Université du Québec à Montréal*, epi yon DESS nan domèn sante kominote nan *Université de Sherbrooke*. Li angaje afon nan mouvman pou fanm, nan milye kominote Kebèk la, epi nan solidarite entènasyonal. Li aktif nan plizyè òganizasyon. Se konsa, nan kòmansman ane 2000 yo, li te responsab yon misyon sou sityasyon lasante nan peyi Ayiti. Sa te fèt nan kad aktivite Konsèstasyon pou Ayiti (CPH an franse), yon koalizyon òganizasyon sosyete sivil nan Kebèk ki ede gwoup baz yo sou teren an nan peyi Ayiti. [marlenerateau@bell.net](mailto:marlenerateau@bell.net)

**Lucile Charles, B.Sc.**, se prezidan Asosyasyon fi enfimye ak gason enfimye lisansye Ayiti ( ANILH an franse). Li genyen yon Bakaloreya nan syans enfimye nan *Université d'Antioquia à Medellin*, Kolonbi. Li te suiv kou nan yon pwogram fòmasyon administrasyon lopital, nan *Université de Montréal* pandan li ta pe travay nan lopital. Il genyen yon diplòm kòm avoka nan *Université d'État d'Haïti*. Li se manm Bawo Pòtoprens lan. Pandan karyè li, li te nan domèn rechèch epi nan administrasyon swen nan branch enfimye nan Kebèk. Li se yonn nan fonadatè Raliman Enfimye fi epi Enfimye gason Oksilyè Ayisyen nan Monreyal (RIIAHM an franse) asanm ak Asosyasyon maladi ren an Ayiti. Nan peyi Ayiti, yo nonmen li komisè nan Komisyon nasyonal pou refòm nan sistèm sante a epi nan sèvis anndan lopital. Nan ane 1996, li pibliye, *La Prévention de l'insuffisance rénale* et, nan ane 2007, *Les Simples gestes qui sauvent (reyedisyon nan ane 2011)*. [lucitacarlos@outlook.com](mailto:lucitacarlos@outlook.com)